ҮББИНИЯЗ ӘШИРБЕКОВ

# ЎАТАН ТОПЫРАҒЫ

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
2010

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арал қурып, шөлдиң азабын тарттың,
Ортасында қалып аўыр апаттың,
Талай зорлық, қысымларға шыдастың,
Мәртлердиң мәканы Ўатан топырағы.

Маман бийиң елди жыйнап, салды жар,
Жанын берди батыр туўған Ерназар,
«Бозатаў»ды уран етип Аллаяр,
Сен ушын гүрескен Ўатан топырағы.

Зийўарың тәриплеп туўған еллерин,
Бердақ дәстан етти белли беглерин,
Ибрайым қосықта саҳра шөллерин,
Нағысқа безеген Ўатан топырағы.

Баўырыңда қәд көтерген қалалар,
Елимниң ширайы хоширей, лалазар,
Жол көрсетер журтбасшысы - аға бар,
Келешегиң уллы Ўатан топырағы.

Үббинияз, Ҳаққа етерсең пәряд,
Ўәсият парыздур, орынлар әўлад,
Демим таўсылғанда мезгилсиз бир ўақ,
Мәңги мәканымсаң Ўатан топырағы.





www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨРИНЕР

Кеўилиң хош, көкти шарлап қыялың,
Ушқыр қанатларың бардай көринер,
Турмыс қыйынласып, басса уўайым,
Кең дүнья жасаўға тардай көринер.

Билим қуўып жас өспирим шағында,
Мийўа байлап арзыў-әрман бағында,
Талпынарсаң хәр бир таңғы сағымға,
*Келешек сен шешер жумбақ көринер.*

Шыңлары көк пенен тиллескен таўлар,
Төбеси думанлы, еримес қарлар,
Әрманға айланып, сағынған дийдар,
Муҳаббат бостаны әжеп көринер.

*Иске асса ойға алған әрманың,*
Несийбең мол болып, тасса қырманың,
Ақыл болып, өссе улың-қызларың,
Турмыс көз тоймастай дәўран көринер.

Кем-кем өмир өтип, дегениң болмай,
Гөзленген мәнзилге барып жетеалмай,
Исленген исиңе кеўилиң толмай,
Сүрген өмир сарсаң-кесек көринер.

Тәғдир тик жарына өрмелей алмай,
Шығысып өткендей соқпақ табалмай,
Жолды даўамлаўға күш-қуўат қалмай,
Турғанда қәдемиң азап көринер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айлап, жыллап айралық азабын шексең,
Жүректен сағыныш зарын өткизсең,
Несип етип, өз журтыңа жетиссең,
Туўған елиң алтын бесик көринер.

Тәғдир айдап қәпеске түскенде шегиң,
Жырақ қалып туўып-өскен еллериң,
Наўқас азарынан қысылса демиң,
Саў, еркин өмириң ертек көринер...

Ел-журтына шын берилген мәрт жигит,
Халқының ҳалына өтер көз тигип,
Атланыста душпан атқан оқ тийип,
Бенде болған менен султан көринер.

Жақсылардың ийман болар жолдасы,
Ел ишинде ҳүрмет оның гүўасы,
Мүсәпир жүрегин кеўил қарасы,
Дағлы еткен адам доңыз көринер.

Өзин дос көрсетип, ықырарсыз болса,
Кеўил торсығына сум қыял толса,
Абайсызда шалып, түсирер шалқа,
Әпшеринен түлки, сағал көринер.

Жан достың көп болса, беккем қорғаның,
Еккениң не, демек, солдур орғаның,
Опасызлық қылса қәлеп алғаның,
Ошағыңның басы ўайран көринер.

Аз ба-көп пе ҳәрким билер көргенин,
Жапа шегип, заўқы-сапа сүргенин,
Ҳақ аларда аманатқа бергенин,
Пәний дүнья жылт еткендей көринер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үббинияз сақлағыл сабырыў-тақат,
Жәҳил муханнестен* күтпе илтипат*,
Елге хызметиңнен көрип рәҳәт,
Жасаған ҳәр күниң жәннет көринер.



* Жәхил муханнес—надан, саўатсыз, көргенсиз мәнисинде.
* Илтипат -- ҳүрмет, иззет мәнисинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘКЕМНИҢ

*(Әкем Әширбек Султанбек улына арнаў)*

Кеўил дәрьям мәўиж урып аққанда,
Қыял қусым көкке қанат қаққанда,
Түнлерде көзимнен уйқы қашқанда,
Елеслеп турады жүзи әкемниң.

Тәғдир түйген түйинлерди шешерде,
Қыйын тайғақ - кешиўлерден кешерде,
Гөзлеген өз мәнзилиме жетерде,
Күш-қуўат әйледи сөзи әкемниң.

Заман ел тәшўишин баска салғанда,
Машқала ийнимде аўырласқанда,
Ақылгөй ағалар жырақласқанда,
Жолымды жарытты көзи әкемниң.

Ҳәрбир қәдемиме турғандай қарап,
Айтқан сөзлеримди жүргендей тыңлап,
Ислеген исимди өлшеп ҳәм сынап,
Қәде болды, тутқан жолы әкемниң.

Шежире етип, ел өтмишин тәриплеп,
Өмир әлипбесин бир-бир ҳәриплеп,
Бабалардың мийрас сөзин қәдирлеп,
Үйреткени илим болды әкемниң.

Үббинияз, - кетсем де аллыстан асып,
Ел ишинен орын таўып мүнәсип,
Өмир ул-қыз, ақлықларға уласып,
Еле саясында жүрмен әкемниң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МУХАББАТ

Басланғанда жигит-қыздың дәўраны
Сапқа турар ашықлықтың кәрўаны,
Ышқы базарының қыял, әрманы,
Өмирдиң қызығы болған муҳаббат.

Кимди шайыр етип, кимди сазенде,
Кимлерди шад етип, кимди гезенде,
Кимлерди хан әйлеп, кимлерди бенде,
Ҳәмирине бас ийдирген муҳаббат.

Сынбассаң, майысып нарт шыққан талдай.
Дәрўазаң ашылмас темир қорғандай,
Жаннан жуда етип мийримсиз хандай,
Патшаларды қулға сатқан муҳаббат.

Инсан жүрегине берерсең илҳам,
Келбетиң периште, сөзлериң пинҳам,
Көзлериң от шашар, назларың зиндан,
*Дилўарды дийўана еткен муҳаббат.*

Жез тырнағың пәнжесиндей суңқардың,
Талўасың - шабысы киби тулпардың,
Қарамай зарына көзи қунқардың,
Талайларды ҳайран еткен муҳаббат.

Кимлерге қыс болдың, кимлерге жазсаң,
Кимлерге тас баўыр, кимлерге назсаң,
Кимлердиң қолында аң алғыш базсаң,
Асаўды мүсәпир қылған муҳаббат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Талайлардың салдың басына ғаўға,
Талайларға болдың бир әжеп саўға,
Нешшениң ақылын байлап матаўға,
Сыйқырлы перидей, назсаң муҳаббат.

Кимлердиң кеўлинде гүлсең, бәҳәрсең,
Кимлерге шийрин пал, кимге зәҳәрсең,
Кимлерге намазшам, кимге сәҳәрсең,
Толқын киби ойнап турған муҳаббат.

Базарыңа түскен болар интизар,
Биреў ҳуўыштан кетер, болар бийдимар,
Биреўдиң қолында ойындай қумар,
Ҳәр қыйлы муқамға дөнген муҳаббат.

Ийримиң тыңламас үлкен бе, жас па,
Тартар тереңине, ғам салып басқа,
Отың қызғынынан ериген тас та,
Илаҳий күшлерге ийе муҳаббат.

Тусыңнан өткенге келер мың қыял,
Бахты жүрискенге - опадар дилбар,
Кеўил қосып болғанша кейўаны ҳаял,
Өмирликке жолдас болған муҳаббат.

Қүдиретиң алдында басын ийдирип,
Жалғызлықтың дәрти жүрек күйдирип,
Ашықлықтың «кәпир тонын» кийдирип,
Нешшени жолына салған муҳаббат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Инсан сеннен қанша азап шексе де,
Қол қаўсырар, қулдур, қанын төксе де,
Ҳасылдар дақылсаң, дәниң екпесе,
Адамзат көгермес, сенсиз муҳаббат.

Үббинияз, сен бир мүсәпир бүлбил,
Қонған гүлиң солып қалған биймезгил,
Кеўил хошын излеп, дүньяны гезгил,
Жүрегимниң бағы сенсең муҳаббат!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОСЫҒЫМ

Қыялымды тербеп, илҳам оятып,
Жүректиң төринен шыққанда атып,
Кесе турған тосқынлықты қыйратып,
Дәрья тасқынындай ағар қосығым.

Кеўилин хош етип заманласлардың,
Бойына йош берип ярыў-дослардың,
Көзлерин ығаллап кеўли бослардың,
Жүрегиниң тарын қозғар қосығым.

Халқымның қәлбине тез барып жетер,
Ғамлы кеўиллерди майдай жибитер,
Ар-намыс қорғаўда темир, тас кесер,
Сөйлер тилим, жумсар қурал қосығым.

Ашықлықтан ышқы оты жанғанда,
Қыялымды аўлап, есим алғанда,
Яр дийдарын көриў ушын барғанда,
Жүрегимниң дәртин айтар қосығым.

Сен билен сәўбеттен тарқар қумарым,
Сеннен күш алады ғайрат, димарым,
Жүрегимде жатқан алтын тумарым,
Қыялымның қанат, йошы қосығым.

Ўатаным, мәрт халқым, беккем тирегим,
Зер киби тат баспас кеўлиң, жүрегиң,
Татыўлық, тынышлық, дослық сүренин,
Күшине күш қосып жырлар қосығым.

Үббинияз, сөздиң маржанын терип,
Нағыс ойып, гәўҳардан безегин берип,
Елге ҳүрметимнен жүрегим ерип,
Инам етип турған, саўғам - қосығым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛАЛМАССАҢ

Қулақ салып тыңла балам,
Айтар нәсиятым саған,
Ырза болмаса ата-анаң,
Жақсы перзент болалмассаң.

Ел-халқыңды ҳүрмет етпей,
Басқаларды көзге илмей,
Үлкен кишиге сәлем бермей,
Сыйласықлы болалмассаң.

Адам өмири – бәлент асқар,
Перзентлик деген аўыр тас бар,
Елге хызмет етпей жастан,
Шын азамат болалмассаң.

Досларыңа қушақ ашып,
Дастурханға барды шашып,
Турмасаң аўҳал сорасып,
Дос-яранлы болалмассаң.

Қәлеп теңиңди таппасаң,
Ышқы отына жан жақпасаң,
Өмирликке бас қоспасаң,
Опалы яр болалмассаң.

Бийопаға қоссаң басың,
Тарамас бойға ишкен асың,
Жырақлап жақыныңң, жолдасың,
Бәзим қурып жүреалмассаң.

Дүньяның түсип қызығына,
Ықласың аўып тум-тусыңа,
Тәрбия бермей ул-қызыңа,
Оңлы ата болалмассаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зейин қойып, билим алмай,
Устаз сөзине қулақ салмай,
Жақсы-жаманды аңламай,
Кәтқудалық етеалмассаң.

Мийнетин шегип таппасаң,
От-жемин сазлап бақпасаң,
Киси мүлкиндей сақласаң,
Мал-дүньялы болалмассаң.

Бағыңнан мийўа өнбесе,
Дарағың сая бермесе,
Дақыл ексең көгермесе,
Дийқан атын алалмассаң.

Мәжилисте тутпай парасат,
Берген орынға қанаат,
Сақламасаң сабыр-тақат,
Сыпайылық етеалмассаң.

Қарабастың ҳәзин излеп,
Елден кетпегил бийдәрек,
Тапқан менен онда жәннет,
Кеўли тыныш болалмассаң.

Өзим деп ҳәр пуқарасын,
Пүтин етпей баспанасын,
Бөлиспей қуўаныш, машқаласын,
Елге аға болалмассаң.

Бөленсең де сап алтынға,
Ғәрип көбейсе журтыңда,
Бийқайыр болсаң елатыңа,
Шадлы дәўран сүреалмассаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийрим етпей, журтты тонап,
Мөминине берип азап,
Өзиңди халықтан бөлек санап,
Елге басшы болалмассаң.

Бул дүньяға сен бир қонақ,
Жүрим берген күнин санап,
Жалынсаң да жылап-сықлап,
Ҳақтан баска алалмассаң.

Үббинияз дер, - айтар сөзим,
Көрген менен көптиң көзин,
Айлансаң да жердиң жүзин,
Бәрин жазып кетеалмассаң.





www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘЗӘЗҮЛДЕН АЎЛАҚ БОЛ, ЖАҚЫНЛАС ПА

Адамзат өмир бойы тыным таппай,
Өмир ушын керек затты дөретеди,
Гей биреў дөреткенди мақтап, датлап,
Мийнетсиз, тер төкпей-ақ ҳәз етеди.

Өзинше шешен болып, толып-тасар,
Пикириниң биреўи-бирин басар,
Өмиринше өзи тапқан нәрсеси жоқ,
Ержеткели атақ алған «қысыр қашар».

Ҳәмели күшлилерди тынбай мақтар,
Босағаңда булда шығып «қағып таслар»,
Тилиниң буўыны жоқ солақпандай,
Шеп жаққа силтеп болып, оңға таслар.

Билмедим, келгенбекен сәўир менен,
Бәсекиге түскенбе дәўир менен,
Айтқанлары бас гөшиндей бириклейди,
Дөреген бе ойласықтан гәўир менен?

Кеште айтқанын азанғы сөзи басып,
Мерекеде сөз сөйлер бийжарасық,
Тыныш елдиң ишине ылаң салар,
Жүргенбекен шайтан менен қатынасып?

Үббинияз, сөз қурастыр келте-қысқа,
Ғәлет сөйлеп, шуғыллардың изин бас па,
Өсекшиге, жалақорға жоламағыл,
Әзәзүлден аўлақ бол, жақынлас па!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АНАМНЫҢ

*(Анам Сайыпжамал Әйтимбет қызы естелигине)*

Алпыс еки тамыр, он еки мүше,
Кәмалыма келип, минсем де күшке,
Сүтин ақлаў-аўыр парыз өзгеше,
Бойымда ағып тур қаны анамның.

Бул дүньяға шығып дәўран сүргеним,
Өмирдиң бағынан мийўе тергеним,
Туўған елде ерке болып жүргеним,
Төркини, сағасы жаны анамның.

Мени деп аналық мийрин көрсетип,
Баўырына басып, бесик тербетип,
Әлпешлеген кеткенимше ержетип,
Мамықтан да жумсақ көкси анамның.

Еркеликтен мәсирип, ашыўды жыйнап,
Қыйқаң салсам жылап, хәммени қыйнап,
«Үбеним» деп жубатып, басымнан сыйпап,
Палдан да шийриндур сөзи анамның.

Нәресте ўақтымда аўырыў дус келип,
Дем алыс пәсеңлеп, түрим өзгерип,
Көпшилик айтқанда, қалды деп өлип,
Мени сақлап қалған дады анамның.

Ақ сүтин емизип, таўып не керек,
Басқа пана болып, өмирге тирек,
Маған дүньядағы үлкен байтерек,
Қүдиретке ийе күши анамның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир гүли ўақтынан көп бурын солып,
Жүрек-баўырым шексиз ҳәсиретке толып,
Дийдар көрисиўге илажсыз болып,
Кеткенин көреалмай қалдым анамның.

Әрман, илҳам, қүдиретинен туўылған,
Ақ сүти мойнымда қарыз улыман,
Руўҳына басымды ийген қулыман,
Мәңги көз алдымда жүзи анамның.

Ҳәўиж алып пәлек жайған урқаны,
Толыспақта өсип өнген урпағы,
Жатқан жери жайлы, торқа торпағы,
Ийманы жолдасы болғай анамның.

Үббинияз, өткерип өмирдиң көбин,
Ақлықлар сүйиўге жетисип өзиң,
Есимнен шығармай ҳәр айтқан сөзин,
Бәрҳа яд етемен өзин анамның...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕГЗЕР

Бурыннан сөз қалған «дүнья ялғаншы»,
Алдарқатар арғы дүнья алғанша,
Өтер-кетер көзди ашып-жумғанша,
Қумарың тарқамас ойынға мегзер.

Улың болса, болсын жигит султаны,
Туўылған халқының айбаты, сәни,
Елиниң бахтына байланса жаны,
Аты шығар, елдиң ханына мегзер.

Мәрт жигитлер ел-журтына панады,
Халқы ушын жанын отқа жағады,
Намәрт басын бағып, ҳәзге қашады,
Көрген күни тышқан ҳалына мегзер.

Кимселер бар арды уятты қойған,
Әдеп ҳәм икрамлық сезимин жойған,
Напәклик жол тутып, ҳарамға тойған,
Өмири жабайы доңызға мегзер.

«Базар» өткелинде ҳийле қылғанлар,
Басқаларды алдап, дүнья жыйғанлар,
Инсаптан, ийманнан қолды жуўғанлар,
Сумлықтан арттырған малына мегзер.

Кимселер бар иси түссе жалақлап,
Ўәдеден таў соғар тили салақлап,
Нәтийже соралса, қашар жырақлап,
Бәҳәрдиң еримтик қарына мегзер.

Гей биреўлер жаўып түрли жаланы,
Айыпсыз мөминди етер гүналы,
Тәсил салып, домс қылар параны,
Қылығы жәллаттың дарына мегзер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Натық адам ҳешўақ жумыс питирмес,
Баслағанын ақырына жетирмес,
Ел-жұртына ҳәргиз пайда тийгизбес,
Дуўтардың үзилген тарына мегзер.

Жасы бар десең де алыспас пәми,
Орынсыз сөз сөйлер, гәпи биймәни,
Илимге кем ықлас, иске илҳамы,
Ақ қағаздың қара дағына мегзер.

Көбейди моллалар ҳәрип билмеген,
Құранды ҳешқашан оқып көрмеген,
Дуўа қылар зорға айланған тил менен,
Сөзлери шайтанның ўазына мегзер.

Жигит дерлер: «болса назәлим ярым»,
Қурбан етиўге бар бул шийрин жаным,
Несип етип алса қыздың гөззалын,
Қуўанышың жәннет бағына мегзер.

Жаўан бар хоширей назлы, келбетли,
Әдепли-икрамлы, үйи кел-кетли,
Дастурханы толы наны-шербетли,
Ҳәрреניң бәҳәрги палына мегзер.

Бир пара нашарлар «Бальзак жасында»,
Бояўы жайылып кеткен қасында,
Үрпейисип турар шашы басында,
Шаңға аўнаған аттың жалына мегзер.

Мүтәж бола қалып базарға барсаң,
Қарийдар толып жүр әўере-сарсаң,
Керегиң табылып саўда шығарсаң,
Баҳасы адамның қанына мегзер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үббинияз, журтым деп көп күйинип,
Жүрегинде не әрманлар түйилип,
Салмағынан қədди-бойың ийилип,
Нарттан шыққан сөкит талына мегзер.

Айтарман, - нәзер сал, оңлы-солыңа,
Түсип жүрме сум нәпсиниң торына,
Қосық жазсаң Зийўар, Бердақ жолына,
Намасы жүректиң зарына мегзер.





www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЎАТАНЛАСЛАРЫМ

Алып шыққан журтымды не қыйын жолдан,
Жүреги аталық ақылға толған,
Әзийз аға, ҳүрметли ақсақал болған,
Иргесине тирек заманласларым,
Елдиң жасы үлкени - ўатанласларым.

Бири дилўар шайыр, тербеткен қәлем,
Дәстан, қосықларын тән алған әлем,
Жоллап «Қарақалпақстаннан, Нөкистен сәлем,»
Дүньяға ат жайған заманласларым,
Елдиң мақтанышы - ўатанласларым.

Кимлери илимге жол салған алым,
Кими шөл қойнында семирткен малын,
Дийқаны тастырып қызыл қырманын,
Елатты байытқан заманласларым,
Халқын абат еткен ўатанласларым.

Усталар көз тартқан сарайлар салып,
Шыпакер халқының саўлығын бағып,
Зиялысы жасларға етип устазлық,
Елди гүллендирген заманласларым,
Нийети азада ўатанласларым.

Кими қурдас, жеңге, әдиўли апа,
Арыў жүзли қарындас, - пийри Бийпатпа,
Ат салысып халқы менен бир сапта,
Күшине-күш қосқан заманласларым,
Елге саўлат болған ўатанласларым.

Досларға сағынып қушағын ашқан,
Тапқан дүнья-малын мийманға шашқан,
Қәлбиниң кеңлиги таң қалған аспан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хәр бири азамат заманласларым,
Кеўили дәрьядай ўатанласларым.

Үббинияз, өмирде ығбалың таптың,
Перзенти болғаннан Қарақалпақтың,
Ар-намысың таза, өрлесин бахтың,
Елимниң мәртлери заманласларым,
Әзийз қәдирданым, ўатанласларым!





www.ziyouz.com kutubxonasi

## СОРАЎЛАР

Әзәзүл шайтанға қолын узатқан,
Ақыл-ойын сум қыялға урлатқан,
Өз басым деп, өзге намысын сатқан,
Пейилдиң қарасын нелер тазалар?

Бар ықласы менен хызметлер қылып,
Жүргенниң мийнетке жанын күйдирип,
Нийети қаралар жала үйдирип,
Дәрт түскен жүрегин кимлер даўалар?

Наданның күшинен ийилсе шақа,
Жәҳилликтен жүрекке түскенде жара,
Зулымлықтан жәбир көрген бийшара,
Қалай етип қәддин тиклеп, оңалар?

Өнер үйрениўге табылмас ықлас,
Талапқа қол ўрмас, мийнет хош жақпас,
Нәсият аңламас, тәрбия жуқпас,
Зейинниң тесиги қалай жамалар?

Пикири тек ҳийле, етер саўап жоқ,
Инсабы, ийманы, намыс, уят жоқ,
Елине бийқайыр, йошы-қуўат жоқ,
Тирилей өлгенди кимлер азалар?

Бағмансыз қор болар миййалы бағлар,
Суўсыз көлден безер үйрегиў, ғазлар,
Қолдан-қолға өткен назәлим қызлар,
Қалай тәғдир қосар сәўер яр табар?

Дүнья бирдей емес ҳәмме адамға,
Биреў мүтәж болса жемеге нанға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қоңсысы мәсликтен күлсе заманға,
Қалай олар бир-бирине дос болар?

Ҳәмме рәўан айдын базар жолына,
Биреў ийе болған кәрўан тобына,
Көпшиликтиң қағаз дорба қолында,
Булардың мақсети қалай бир болар?

Үббинияз дер, туўры сөйле сөзиңди,
Жүректи дәрт, ғам баспасын кеўлиңди,
Елиңнен, ҳалқыңнан бөлме өзиңди,
Мудам яд еткейсең жан бар, қаза бар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН

Түп бабам шек салған пайлы жерим деп,
Әўладлар әлпешлеп туўған елим деп,
Келбетиң гүл жайнап, күндей күлимлеп,
Әжайып мəканым Қарақалпақстан.

Халқың бар мəрдана кеўили ашық,
Шырайы ҳүр киби, турар нур шашып,
Табыслары қуўанышқа уласып,
Руўхың шад елим Қарақалпақстан.

Халқың бар бирине-бири туўысқан,
Қулашы кең қушағыңа қуўысқан,
Нийетиң пахтадай, көркиң гүлистан,
Бирликли елатым Қарақалпақстан.

Әмиўдиң суўлары мийриң қандырған,
Қәлбиң кең жәҳәнди ҳайран қалдырған,
Гөззал елсең көздиң отын жандырған,
Саўлатлы Ўатаным Қарақалпақстан.

Ғәрезсизлик бойыңда тастырып қуўат,
Еркин Өзбекстан алдыңда айбат,
Келешегиң айдын, абадан елат,
Жанажан Ўатаным Қарақалпақстан.

Үббинияз сени деп, не ҳәрне барын,
Пидә етер бахтыңа ғайратын, жанын,
Кеўлимниң қамусы, намысым, арым,
Туўған елим, журтым Қарақалпақстан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# БАҒДЫҢ ИШИНДЕ

Жаслық күнлер түскен сайын ядыма,
Сол дәўир өткендей бағдың ишинде,
Өмир жүги артқан сайын басымда,
Және қайтқым келер бағдың ишине.

Өмир қызық, ашшы ҳәм палдай татлы,
Оннан ким ҳәсирет, ким рәҳәт тапты,
Кимге әўмет күлип, жүриссе бахты,
Дәўран сүрген киби бағдың ишинде.

Ҳалласлап ҳаўалап ушқан кеўиллер,
Ышқыдан өртенип өткизген түнлер,
Жүрекке йош берген лалазар гүллер,
Бинят болған яңлы бағдың ишинде.

Дәртимди ериткен жағымлы сөзлер,
Қыйлы жилўа толы қарамық көзлер,
Шырайы толысқан ай киби жүзлер,
Перийзат көринер бағдың ишинде.

Тербенген жапырақтың жағымлы сазы,
Ақылдан аздырған ҳәзили-назы,
Бүлбил сайрағандай, күлген ҳаўазы,
Қулағымнан кетпес бағдың ишинде.

Ҳуўшымды аўлаған шийрин сезимлер,
Ашықлық жалыны лаўлаған гезлер,
Бир-бирине қушақ ашқан кеўиллер,
Ҳеш ядымнан кетпес бағдың ишинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүз келип, гүл солып, бүлбил ушса да,
Жаслық дәўран булттай көкке көшсе де,
Жүректе тутанған ышқы өшпесе,
Мәңги жанып турар бағдың ишинде.

Үббинияз айтар, қыялға кетип,
Елим деп, журтым деп хызметлер етип,
Халқыңа қәлбиңнен ҳүрмет көрсетип,
Жүргендейсең еле бағдың ишинде.





www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЕЛИМДИ ҚУЎАНТЫП, БАХЫТ АЛЫП КЕЛ!

Ҳей жаңа жыл, ушан халық әрманы,
Елиме қуўаныш хабар алып кел!
Ғәне жылдың көтерилди қырманы,
Қырманды қызыллап, толып-тасып кел!

Күтпектемиз сени ҳәмме асығып,
Кеўиллер жәм, өкпе-гийне басылып,
Шырайың перидей, күндей ашылып,
Елиме несийбе дәнин шашып кел!

Ҳаўазаң халқымды илҳамландырып,
Өткен ғам-қайғыны изде қалдырып,
Жүреклерде үмит отын жандырып,
Сазыңды жаңлатып, нама шалып кел!

Халқым бар зәбердес, мийнетте шебер,
Күш-ғайраты Қаратаўды көтерер,
Саўға берер болсаң елиме егер,
Арал толар етип, ағыс болып кел!

Мийримиң қуяштай түски мәҳәлдиң,
Жанға жағып, ҳәўириндей бәҳәрдиң,
Жүрислериң сағымындай сәҳәрдиң,
Елимди қуўантып шадлық алып кел!

Қуўанышқа толы болсын күнлериң,
Дүнья көрсин шадлы заман келгенин,
Жүрегиңнен жақсылықтың дүрлерин,
Нур боянған гүлдей етип шашып кел!

Үббинияз, айтар үмидиўар болып,
Жүреги жақсылық тилекке толып,
Халқыма бахыттың қусындай қонып,
Дәўлет дәрўазасын кеңнен ашып кел!



www.ziyouz.com kutubxonasi

# АВАРАГУ

Несип етип ҳинд елинде болғанда,
Бомбей деген қаласына барғанбыз,
Атақлы Радж Капур үйинде
Туўысқандай сыйлы мийман болғанбыз.

Гүрриң арасында берген сораўдың,
Жуўабын еситип, таңланып қалдық,
Садықлықтың бунша сақыйлығының,
Шегарасызлығының гүўасы болдық.

«Аварагу» - қаңғыбас,- ҳиндлер тилинде,
Кинода: - ышқыдан өртенген бүлбил:
Ашық болып бағдың шөмен гүлине,
Қаланы, көшени қыдырған мәжнүн.

Радж Капурдың ғамлы жүреги,
Рита деп өз қәлбине сыймаған...
Турмыста бул тасқын дәрья ағысы,
Қуярлыққа умтылғанын қоймаған...

Ҳаялы – «Бул қалай», - деген сораўға,
Деди: - «Мен буны ўақтында билдим,
Бирақ бул әжайып уллы инсанға,
Маған деген қыянетин кеширдим.

Себеби рольлер оның кәсиби,
Шын ықлас болмаса дурыслы шықпас,
Онда ойналажақ ышқы ойынын,
Хақыйқый сезимсиз ойнап та болмас»...

Буннан түсингеним: - уллы адамлар,
Ийе болар екен үлкен жүрекке,
Қәлби қызғаныштан қысық кимселер,
Арзымайды бир жақсы сөз, тилекке...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕСЕҢ СЕН?
*(Биринши бөлими)*

Жүректи тербетип, дәртти жибиткен,
Сәўирмисең, бәхәрмисең, несең сен?
Жанды жағып, баўырымды ериткен,
Жалынбысаң, қуяшпысаң, несең сен?

Ақылды тусаўлап, пикирди байлап,
Қыялды алдына қамшылап айдап,
Намасы жағымлы саз киби сайрап,
Әрўақлысаң, перимисең, несең сен?

Ел аўзында көп мақтаўлы қәўметиң,
Кеўилге йош берер әжеп сәўбетиң,
Хақ берместей несип етер нәўбетин,
Елесписең, сағымбысаң, несең сен?

Күн-түн қыйнап жүрегимди жандырған,
Даңқың ақылымды хайран қалдырған,
Қыялымды қыйлы жолға салдырған,
Ертекписең, қыссамысаң, несең сен?

Салып тыншымастай қәлбиме жара,
Ашық киби перийзатқа ғайбана,
Мендей мүсәпирди еткен бийшара,
Найзамысаң, қанжармысаң несең сен?

Үббинияз айтар кеўлинде барын,
Мәнзил етип жете алмаған әрманын,
Сени деп атырар хәр күни таңын,
Оңымбысаң, түсимбисең, несең сен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕСЕҢ СЕН?
*(Екинши бөлими)*

Ҳәр инсан бул пәний дүньяға келген,
Сени деп жан қыйнап өмир өткерген,
Кимниң қолы жетип, кимге жетпеген,
Қыялмысаң, әрманбысаң несең сен?

Нешелер сени деп гүнаға батқан,
Жеке мәпи ушын досларын сатқан,
Мәргия шөп киби өзине тартқан,
Кәраматлы дуўамысаң, несең сен?

Елде сийрек саған ықлас қоймаған,
Ийман менен пәк болыўды ойлаған,
Сансыз көпдур сеннен көзи тоймаған,
Сыйқырланған гәўҳармысаң, несең сен?

Бир атың дәўлетдур, бир атың дәўран,
Яки заманбысаң боларың жалған,
Жийен ҳәм Күнхожа, Бердақтан қалған,
Жуўабы жоқ сораўмысаң, несең сен?

Дәрьямысаң жағасын дегиши алған,
Әжеп ертекписең қыялда болған,
Жүрген Зийўар менен Ибрайымнан берма
Шешими жоқ жумбақпысаң несең сен?

Үббинияз көбин бастың өмирдиң,
Оннан нелер алып, нелерди бердиң,
Қандай рәҳәт, қандай жөҳиллик көрдиң,
Сапамысаң, жапамысаң, несең сен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АРАЛҒА АРНАЛҒАН ТОЛҒАЎ

Ҳал сорасыў ушын гүрмелмес тилим,
Дүньяға белгили жағдайың, күниң,
Бул аўҳалға түстиң не гүнаң ушын,
Дәўраның басыңнан өткен Теңизим.

Жағаң елат еди, тиккен ақ отаў,
*Бүгин аяғыңа* байланған матаў,
Зийўарың жырлаған гөззал Бозатаў,
Көшпе қумың басып кеткен Теңизим.

Тереңге нәрете, сайызға баспай,
Аў салса айдынға, сазан шанаштай*,
Түриң ҳәзир қуўрап қалған ағаштай,
Көзимизше бахтың қайтқан Теңизим.

Қартайып күн-күннен, барасаң шаршап,
Күнде ҳал сораўға жолларың алшақ,
Жағаңды сор-қозақ орады қоршап,
Жаның шығарлыққа келген Теңизим.

Суў орнына қалды дузлы шербетиң,
Жүрегим зар еңирер көрсем келбетиң,
Зәҳәриңе сор бастырып жер бетин,
Қар орнына дуз жаўдырған Теңизим.

Жайҳун, Сайҳун – еки көзиң, сәҳәриң,
Ата жаўдай, инсан тигип қәҳәрин,
Саған қысын таслап, бермей бәҳәрин,
Булағың кесилип қалған Теңизим.

Балықшыға орай болған Мойнағың,
Толқын тынып, мáйырылды дойнағың,
Бир комбинат еди қолда байрағың,
«Қоллы» болып, қолдан кеткен Теңизим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзин «жер киндиги» деген Қаражар,
Қолтығыңа баўыр басқан қаранар,
Бүгин ҳалы жутым суўға интизар,
Дәрманың бойыңнан кеткен Теңизим.

Заводы қышқырған Үрге ҳәм Үшсай,
Ултаны, төбеси бөрен қарағай,
Бузып алды сеннен аўҳал сорамай,
Талайларға жемтик болған Теңизим.

Қазақдәрьяң жүрт менсинбей шалқайған
Қуярлықта Ордабайың талтайған,
Толқын жарған кемелериң қаңқайған,
Тат басып, ҳәр жерде қалған Теңизим.

Турар едик жағалаўға көз жетпей,
Узынқайыр, Ержан, Ырза бир бөткей,
Тири гүмис кәни болған Ақбеткей,
Гүлленген дәўириң өткен Теңизим.

Мерген атаў, Аққаланды қум басты,
Тербенбесиң түйе киби алжасты,
Аққуў, үйрек, ғазың дегбирден састы,
Қушағыңның қуты қашқан Теңизим...

Сени баста жаратыпты Тәңирим**,
Памир, Тяньшаннан алып тамырың,
Инсан болса менсиместен қәдириң,
Алқымыңа қурық салған Теңизим.

Инсан болды етпек жер-көкке ҳәмир,
Сениң пайыңды алып, берсе де жәбир,
Умай*** аналықтай сақладың сабыр,
Қушағың олжаға толған Теңизим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдын-ала тағдириңди билгендей,
Қурып қаларыңды ерте сезгендей,
Ғамлап, перзентлериң күнин көргендей,
Эрликти**** тәўбеге ийген Теңизим.

Жүзлеринде әжим, шашында қыраў,
Қуўраған баўрыңа салынды бураў,
Саған зибан питсе, берип бир сораў,
«Үсир***** пайымды бер» - дерсең, Теңизим...

Нәйлейин, басыңнан дәўлеттиң қусы,
Ушып кетти сенде болмай жумысы,
Өшпесин деп ел-халықтың турмысы,
Көллериңе қашы шаптық Теңизим.

Үббинияз,- жаныңа болалмай ара,
Пәрияд әйлер, қолдан келмей ҳеш шара,
Ҳалың қала бермес болып бийшара,
Қәлбимдеги өшпес үмит, -Теңизим.

---

Қаражар, Ордабай, Узынқайыр, Ержан, Ырза, Ақбеткей, Мерген атаў ҳәм Аққала Арал теңизиниң қубла жағалаўындағы атаў, ярым атаў, яки елат атамалары.

Тербенбес - төбеси ең бийик атаўдың аты. Тәңир жыл бөлистиргенде, түйе бойына исенип, жылдан бос қалған.

* Шанаш - бурынлары бузаў терисинен исленген, узыны бир метр, ени 0,3-0,4 метрге шамалас ун қалта.

** Тәңир (Теңри) - әййемги түркий халықларының мифологиясында жерди, аспанды, инсанды жаратқан, ең жоқарғы басқарыўшы ҳәм жарылқаўшы қудай.

*** Умай (Умай аналық) – әййемги түркий халықларының мифологиясында Тәңирдиң жубайы, аналардың ҳәм балалардың ғамқоршысы, қус киби ҳаўада ушып, жерде жүрип ҳәм суўда жүзе алатуғын қудай, аққуўға уқсаған.

**** *Эрлик* – жер астындағы оттың қудайы, жер үстиндеги өмирдиң душпаны, қара нийетли қудай.

***** Үсир – бурынлары қайырқомшылық ретинде жетим-жесир, аш-өптада ҳәм ақсақ-майыпларға дән қырманнан берилетуғын салықтың түри.



www.ziyouz.com kutubxonasi

***Қосымша түсиниклер:***

Гүрмелмес – айналмас
Зийўар - Әжинияз шайырдың псевдоним аты (лақаб
Нәрете, баспай – ески балық аўлаў қураллары
Шербет – еритинди
Интизар – сағынышта
Дегбирден састы – ақылдан адасты мәнисинде
Жәбир – азап
Зибан – тил
Нөйлейин – не айтайын деген мәнисте
Пәрияд әйлер – қудайға жалбарыныў мәнисинде
Қәлбим – жүрегим





www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛДЫМА

*(Қостарым Мийригулдиң естелигине)*

Атланғанда шыққан соңғы,
Мәнзилиң усы жол болдыма
Келдим сениң мазарыңа,
Барған жериң сол болдыма?

Бир заматта кеттиң жырақ,
Қайтып келмес жаққа қарап,
Ул-қызларың қалды шуўлап,
Қайтпаслығың шын болдыма?

Жулдызымыз жанды - ярым,
Өмириң болды қысқа ярым,
Зары-гирьян ул-қызларым,
Шексиз ҳәсирет тап болдыма?

Толтырдың көзлердиң жасын,
Сенсиз дәмсиз ишкен асым,
Елли беске келген жасың,
Сениң ушын шек болдыма?

Өмириң өтти, кетсем күтип,
Үй-жайымды бөржай етип,
Жүргенде жанды пидә етип
Саған тийген көз болдыма?

Көрип турмыстың ақ-қарасын,
Жалғанларын ҳәм жаласын,
Шегип наҳақтан жапасын,
Алтын демиң сап болдыма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арлайман деп, елдиң арын,
Берип жүрек, жумсап-қарыў,
Сорамаққа арзы ҳалың,
Бизден дыққат аз болдыма?

Ел хызмети деп белди бүўып,
Кеттим бе атақ-абырай қуўып,
Ақ жүзинди көз жас жуўып,
Көрмей қалған күн болдыма?

Зийўарың яр деп зарлаған,
Дәрт барма Бердақ жазбаған,
Ибрайым дағлы қостардан,
Бизге де сол жол болдыма?

Үббинияз, — дер талса белим,
Қуўатым, — ул-қыз, әзийз елим,
Бунша бийреҳим өлим,
Сенсиз өтер күн болдыма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЫРАЎ ДОСТЫМ ҚОБЫЗЫҢДЫ ҚОЛҒА АЛ!

Жыраў достым қобызыңды қолға ал,
Намалар тасқынлап сел болып ақсын,
Лапызға пәт берип, гүзар жолға сал,
Ғаз киби ғаңқылдап, қанатын қақсын.

Қобыз кеўил ашары болған бабамның,
Шеккенде жапасын не бир заманның,
Тарлары хызметин етип кәманның,
Ғаңқылдаған сести жүректе жатсын.

Толғаўың халқымның өтмишин жыйған,
Бабамның зербарақ сөзлери сыйған,
Сен елиме болдың йош берер мийман,
Ырғағың шарқ урып, дәрьядай тассын.

Көклерге көтерип батыр мәртлерди,
Жан берип қорғаған ўатанды, елди,
Май киби еритип қатқан дәртлерди,
Жүректе қуўаныш отларын жақсын.

Сазларың жаңлатып қыял-әрманын,
Заўық пенен тәриплеп кешкен заманын,
Дәстанларың серпип таслап думанын,
Халқымның тарийхын нур етип шашсын.

Жыраў достым қобызыңды қолға ал,
Маржан сөз ағылып тасқынлап ақсын,
Сазға хаўаз қосып, уллы жолға сал,
Елим деп, журтым деп күйинсин, жансын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚЛЫҚ КҮЛКИСИ

Егер кетеғойсам алыс сапарға,
Елге асықтырар ақлық күлкиси,
Еркимнен айырып, айдап базарға,
Саўға қыдырттырар ақлық күлкиси.

Кеште шаршап қайтқанымда жумыстан,
Тәнге дәрман берер ақлық күлкиси,
Турмыстың ғалма-ғал дағында қалсам,
Қәлбимди жубатар ақлық күлкиси.

Үйиме қут берген перише яңлы,
Кеўилге йош берер ақлық күлкиси,
Урпағымның даўамының нышаны,
Жүректи тыншытар ақлық күлкиси.

Сәҳәрдеги шуғла киби жарасып,
Келешектен үмит-ақлық күлкиси,
Ҳәмме куштар бир сүймеге таласып,
Үйдиң тамашасы ақлық күлкиси.

Еле жас нәресте, болса да бөбек,
Ғайры нағыш нама ақлық күлкиси,
Жүректи қуўаныш сезимге бөлеп,
Бойға ғайрат берер ақлық күлкиси.

Жыласа даўысы жүректи тырнап,
Жанға жай таптырар ақлық күлкиси,
Пикирди бәнт етип, қыялды урлап,
Ўақтыңды хош етер ақлық күлкиси.

Үббинияз айтар, айтқаны пәрман,
Шаңарақтың патшасы ақлық күлкиси,
Ержетип кеткей деп ҳалласлар әрман,
Өмир жарасығы ақлық күлкиси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САҒАН ЖАСЫ ҮЛКЕНЛИК ДӘЎРАН КЕЛИПТИ

Нәзеримди салсам өмирге өткен,
Жылдырымдай жылдам өтип кетипти,
Ул-қызлар ержетип, ақлықлар өскен,
Орнымызға жаңа әўлад келипти.

Бойда жигер қайнап, табалмай тақат,
Атқарған хызметке болмай қанаат,
Өмирден ҳәз етип, көриў рәҳәт,
Ядқа кирмей жүрген ўақыт өтипти.

Шашты ақ, жүзлерди басыпты әжим,
(Таба алмассаң бойсынбастың илажын),
Оқып бастан өткен өмир китабын,
Тәрезиге тартар мәҳәл келипти...

Өмирдиң ҳәр паслын қарасам аңлап,
Көргенди, билгенди, сезгенди таллап,
Инсан өз тәғдирин өзлери таңлап,
Ҳәрким ҳәр тәрепли жолға кетипти.

Оқ жайдан оқ шықпас тартылмай кәман*,
Халық тыншымаса, тыншымас заман,
Қам сүт емген бенде екен ҳәр адам,
Тилеги ҳәр қыйлы болып кетипти.

Мәртлер журтым дейип, жан-тәнин қыйнап,
Елдиң ары ушын бар күшин жыйнап,
Бас емес, халқының тәғдирин ойлап,
Лаўлаған жалындай жанып кетипти.

Не уллы инсанлар, данышпан, алым,
Ой-пикири басып озған заманын,
Ақыл қырманының таппай самалын,
Дүньяға бийўақыт келип кетипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир аўыр сынақ билген адамға,
Зейин қойса ҳадаллыққа, ийманға,
Заман бақса ақылсызға, наданға,
Жан қыйналып, қабырғаны сөтипти.

Мүсәпирдиң күни мийнетте өтип,
Нәкаслар күн көрген тәсил көрсетип,
Көрмекшидей дүньяның түбине жетип,
Аш көзлер инсапты таслап кетипти.

Дүньяны суў алса үйрекке бир пул,
«Қарын тойса-қурбан ҳайт» дегенлер де
Дүнья болып ақыл-ойы, көзде нур,
Өмиринше нәпси тоймай кетипти...

Өзин қүдиретли сезинген көсем,
Дилўарға сөз бермей, бассынған шешен
Заманына бүлгин салған, - серлесем,
Тәжжалдың** қылўасын ислеп кетипти.

Шәпәәттиң орнын зулымлық жайлап,
Шөллерге суў айдап, дәрьяны байлап,
Буған тәбияттың ғәзеби қайнап,
Көллер кеўип, теңиз қурып кетипти.

Әззилерди күши барлар бассынып,
Зорлық пенен мәтибийлик асқынып,
Тонаўшылық дегбиринен састырып,
Халық журтты таслап посып кетипти.

Көбейгенде елде аўдар-төңкерис,
Кем-кем аўырласып елде күн-көрис,
Дуўадан, тилектен болмай өзгерис,
Талай әўлад әрман менен өтипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Не заманлар өтип, келип жаңасы,
(*Жаңалыққа қуштар инсан хәўеси*),
Бираз дәрттиң табылмастан даўасы,
Қәсте болып жүреклерге өтипти...

Халқым шөплеп дуз-несийбе усағын,
Тоқ турмысты излеп, жайып қушағын,
Мустаққыллық кесkеннен соң тусаўын,
Жаңа заман менен дәўир келипти.

Еркинлик әзелден халқымда әрман,
Жас әўлад жемисин терер бул бағдан,
Бахыт гүзарына сап тартқан кәрўан, -
Елиме бәҳәрден хабар келипти.

Халқымның хеш бузылмаған беглиги,
Тастай беккем елдиң аўызбирлиги,
*Жәўлан урған азаматдур ҳәр бири*,
Журтты гүллендирер мәҳәл келипти.

Үббинияз, журтым деп күйиндиң, жандың
Ел табысқа жетсе йоштың, қуўандың,
Төрден орын берип, сыйласа халқың,-
Саған жасы улкенлик дәўран келипти!

---

* Кәман – оқ жайдың серипписи.

** Тәжжал – ески әпсаналарда ақырзаман жақынласқанда адамлар арасына ҳәр қыйлы жылтыраўық ойыншықлар ҳәм шылдырлаўықлар тағылған ешегине минип келип, оларды шийрин сөз, жағымлы намалар менен ақылынан аздырып изине ертип, жердиң астындағы дүньяға алып кететуғын шайтан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НАМӘРТТИҢ ЕРМЕ КЕЙНИНЕ

Биреўлерди сайып, датламас бурын,
Анықлап билип ал, сен кимсең, - ол ким,
Мәгар, сен гүналы, - ол таза инсан,
Сен бир жатқан кесек, - ол таўдур бәлким.

Басқаны пәс санап, - өзиңди бәлент,
Пәк адам үстинен гәп қозғап ғәлет,
Бойынан мин излеп, - болсаң сен хәлек,
Демек ақ емесдур, қарадур қәлбиң.

Инсанның кеўили бағдағы гүлдей,
Ғумшасы ашылмас мәўсими келмей,
Жүрегиңе жақын досларды көрмей,
Айтпағыл ғайрыға қәлбиңниң дәртин.

Үббинияз, намәрттиң ерме кейнине,
Қарағыл қәнәәт бар ма пейлинде,
Жоқ болса жақсылық нышан зейнинде,
Дослық ете бермес таныған хәрким.





www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТУЎЫЛҒАН КҮНИ

Жүрегиң ҳалласлап, кеўилиң тасып,
Шадлық дәрўазасын айқара ашып,
Жүзиңде қуўаныш, көзлер нур шашып,
Мәс боларсаң перзент туўылған күни.

Бахыт жүзин бурып, талап келиссе,
Табыслар молайып, ислер жүриссе,
Арзыў-әрманыңа қолың жетиссе,
Кеўлиң хош, ығбалың жуўырған күни.

Несийбең көбейсе еткен мийнеттен,
Ырысқың тасқынлап жақсы нийеттен,
Кеўил тасар, көрген ҳүрмет-иззеттен,
Йошарсаң мол қырман суўырған күни.

Жеңсең ғам келтирип жаўға, душпанға,
Жүрегиң сағынған ярды қушқанда,
Мегзерсең бахытың көкке ушқанға,
Шадлық салтанаты қурылған күни.

Бойың жеңил тартып, ғайратың тасып,
Журтыңа келгенде қушаққа басып,
Кетер қуўанышың тойға уласып,
Қәлбиңнен ғам-қайғы қуўылған күни.

Жүрегиңе жара, ғам түссе басқа,
Әжелдиң қайғысы кеўлиңди басса,
Әрман жағысынан излерсең жасқа,
Жүзлериң көз жасқа жуўылған күни.

Жүргенде ойда жоқ, кәўип я қәтер,
Шықса дос дегениң душпаннан бетер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бармақты жырса да жүрекке жетер,
Шуғылдың пышағы урылған күни.

Болып мол дүньяның жолында ҳәлек,
*Өмир сүрсең тек өз ҳәзлигиң көлеп,*
Жырақта қаларсаң жекке, бийдәрек,
Елден-журттан қолың жуўылған күни.

Бул дүнья инсанға әпсана, ертек,
Ким мәсликте, кимлер жүрегин өртеп,
Бирақ шәрт:- алғанды қайтарып бермек,
Демниң шекийнеси буўылған күни.

Үббинияз, кек тутпа жапа көтерсең,
Умытпа кимнендур жақсылық көрсең,
Кеўлиң тыныш болар есесин берсең,
Қолыңда бир имкан туўылған күни.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АССАЛАМ, ЖАНАЖАН ТУЎЫЛҒАН ЕЛИМ!

Ассалам жанажан туўылған елим,
Қабыл ал перзентиңниң тәңир сәлемин,
Сениң бахытыңдур әрман нийетим,-
Оң келсин бул жолда қәдемим мениң!

Қудиретиң -Қаратаў, булағың-Жайхун,
Елатың гүлленген, зор-әжеп жайдур,
Топрағың ҳасылдар, ғәзийнең байдур,
Паналар қорғаным, тирегим мениң.

Қонысың қутлыдур, кең жайлаў - дала,
Ойпатың гүлшандай, ырғалған лала,
Жулдыздай жарасқан белли Бес қала,
Байрағың йош берер кеўлиме мениң.

Бағларың саўлатлы, жәннетке уқсар,
Кийик-кулан секирген қыямай қырлар,
Булбил ҳаўазындай саз-сәўбет, жырлар,
Күш берер бойыма, қәлбиме мениң.

Өтмиш сынақлары бойыңды таплап,
Қәддиңди бүкпестен, ар-намыс сақлап,
*Тил ҳәм дәстүриңди бердиң ардақлап,*
Теберик саўға деп, қолыма мениң.

Анамның аялап, әлпешлегенлери,
Устаз нәсияты, жол силтегенлери,
Халқымның буйырған хызметлери,
Сен шашқан нур болды жолыма мениң.

Ассалам, Ўатаным, ардақлы елим!
Қабыл ал перзентиңниң сәҳәр сәлемин,
Сен берген ҳаўадан ҳәр алған демим,
Сени деп урып тур жүрегим мениң!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕНИҢ

Адам-ата йошынан дөреген нама,
Ҳәрким айтып өтер жол тауып жаңа,
Лаўлап жанған ышқы-үлкен машқала,
Басыма түсирди, саўлатың сениң.

От болып жанғанда ышқы қумары,
Көзге көринбеген жәннеттиң бағы,
Ақылдан аздырып жүректиң зары,
Мени бенде етти периштең сениң.

Сымбатың қараған көзлер тойғандай,
Дал бойың, ең шебер уста ойғандай,
Керме қас, оқ кирпик қолдан қойғандай,
Тақатымды алды кәўметиң сениң.

Қырмызы гүл киби жайнаған жүзиң,
Өлини тирилтер қарамық көзиң,
Жипектей жағымлы мүләйим сөзиң,
Мени бийҳуўш етти, сәўбетиң сениң.

Жәннеттиң бағында ашылса гүллер,
Сениң шырайыңа басы ийилер,
Жүрек ғәзийнемнен шашылса дүрлер,
Басқан қәдемиңе, жолыңа сениң.

Ойлаған ойларың жумбақ, сыр маған,
Сенсиз маған тар көринер кең жәҳән,
Дағлы жүрегимниң дәртин жырласаң,
Дуўтарың болайын, қолыңда сениң.

Бул басыма түсип бир әжеп саўда,
Жүрегим жаралы, қыял қурсаўда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳақтан дизе бүгип, сорайын саўға,
Жанымды тапсырсын, - қолыңа сениң.

Муҳаббаттың болмас рас, жалғаны,
Көпдур ашықлардың дағда қалғаны,
Үббинияздың қыялында әрманы,
Кеўлим ләззет тапса жаныңда сениң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАТЕРЕҢ ТОЛҚЫНЛАРЫ

Туўған жердиң қәлбиндеги,
Ығбал-ырысқы солқымлары,
Көз жеткизбес көк жийеги,
Қаратерең толқынлары.

Сыбырласар қулағыма,
Шаўқымы әжайып нама,
Пал киби жағымлы жанға,
Қаратерең толқынлары.

Шықсам дейип «Бөрши таў»ға,
Талпынысар жағалаўға,
Елге болған әжеп саўға,
Қаратерең толқынлары.

Ана-тәбият сызған сүўрет,
Көргенниң нәзерин сүйреп,
Шалқып, шаўқым салар гүўлеп,
Қаратерең толқынлары.

Ерке ҳәм жипек минезли,
Тынса мөлдир көз, ай жүзли,
Өзине қумар етер бизди,
Қаратерең толқынлары.

Көрсең қапа күнлериңде,
Илҳам берер кеўиллерге,
Шақырып турар шад өмирге,
Қаратерең толқынлары.

Дүбир салар тулпар аттай,
Қағылған нешше мың қанаттай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сағынышлы сәлем хаттай,
Қаратерең толқынлары.

Бабалардың руўхын сақлап,*
Үмит әрманларын ақлап,*
Маған әйлер күш ҳам ғайрат,
Қаратерең толқынлары.

Ҳәмдам достай сырласыўға,
Халқының жырын жырласыўға,
Бахыт қонып тур басына
Қаратерең толқынлары.

Әтирапыңның қыр-ойлары,
Тарқалмас мереке-тойлары,
Әжайып кәдди-бойлары,
Қаратерең толқынлары.

Өрлеген мәрмер зәңгиге,
Атағы дәўирге әңгиме,
Толып-тас, толқы мәңгиге,
Қаратерең толқынлары!

---

*) Халқымыздың аўызеки әпсаналарының биринде, Қаратереңниң асты бурын қалың елат болып, тосаттан Жаңадәрьяның суўы ойпатты басқанда халықтың көпшилиги суў астында қалып кеткен,- делинеди.

*) Халқымыз аўызында жүрген әпсаналардың және биринде, бурынғы заманлары Хийўаның ханы Қаратереңди өзиниң жас зайыбына саўға етпекши болып еки рет ҳәрекет еткен, бирақ жергиликли жасы үлкенлер ҳәр сапары хан қойған шәртли бәсекиде даналық ҳәм уқыплылық пенен утып шығып, көлди ханның меншиклесиўинен алып қалған деген гәплер бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДҮНЬЯСАҢ

Өткен күнлерине аўдарып нәзер,
Талласаң зейиниң көп нәрсе сезер,
Қыялың суңқардай жәҳәнди гезер,
Не-не асырымды асқан дүньясаң.

Есигиңди атлап көз ашқан бөбек,
Қызығыңа түсер шәўкилдеп жүрек,
Тәғдир кемесиниң ескегин гүреп,
Өмир дәрўазасын ашқан дүньясаң.

Балалық дәўирдиң ойыны қызық,
Жаслықта есирип, қәлпедей қызып,
Ҳәркимге ҳәрқыйлы тәғдирди сызып,
Талай жүреклерди басқан дүньясаң.

Қәўметиң көз тартар елестей әжеп,
Ҳәмме қумарланар жан-тәнди тежеп,
Кимлерге пәнт берип, жетиспей гезек,
Үркек кийик киби қашқан дүньясаң.

Кимлер ғайры журттан жоқ затын излеп,
Кимлер байлық қуўып, даңқ-атақ гөзлеп,
Кимлер қос өмирдиң әнжамын гизнеп,
Жулдыздай несийбе шашқан дүньясаң.

Сағынған жүреклер қумарын таппай,
Ким түнекте қалып, таң-нуры атпай,
Дем ерте кесилип буўыны қатпай,
Әжел базарына сатқан дүньясаң.

Бахыт бергенлериң - жыйнаған мийўе,
Дәўраны келгенге - толы несийбе,
Кимге дәўлет берип, дарқан-ғәзийне,
Ығбалды асықтай атқан дүньясаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Берген өмир жолың сандықтай сырлы,
Инсан болжай алмас – жумбақ сыйқырлы,
Ҳәркимге ҳәр тәғдир, жүзи мың қырлы,
Салмағы өзиңе батпан дүньясаң.

Үббинияз айтар, болмағыл ҳәси,
Жүрегимди дағлар зейинниң пәси,
Мийнет, зийнет мүсәпирдиң жолдасы,
Бахыт берсең, толып-тасқан дүньясаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТОРАҢҒЫЛ

Балалықтан бирге өскен таныссаң,
Қоныс басқан Көк өзекте, жағыстан,
Ҳәзир мәкан басқанбысаң алыстан,
Қай жерлерге көшип кеттиң тораңғыл?

Баўыр басқан журтың дәрьяның бойы,
Саяңда не уллы мереке - тойы,
Өткен инсанлардың сен деген ойы,
Неликтен өзгерип кетти тораңғыл?

Қыста қыраў басқан басың ийилип,
Жазда шөллеп, азап шегип, күйинип,
Бүгин жаның кетип атыр қыйылып,
Не гүнайың болды сениң тораңғыл?

Тез-тез дуўшакерсең өрттиң қастына,
Бой көтерсең түсип балта астына,
Сени де Аралдың дәрти басты ма,
Тәғдириң не болды сениң тораңғыл?

Теңиз кетти басы менен ғай болып,
Бурқыған дәрьялар өзек-сай болып,
Ағаштың жоғында қарағай болып,
Гүртиктей туўралып кеттиң тораңғыл.

Өрисиң тарылып барар жыл сайын,
Тамтарыста суўдан берилмей пайың,
Қызықтырмай сениң аўыр жағдайың,
Басыңа не заман түсти тораңғыл?

Дәртке дәрт қосылып кем-кем уласып,
Жуўаныңды қырқып алмақта тасып,
Бираз «қәўендерлер» саған таласып,
Базар саўдасына түстиң тораңғыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баўырыңды шарпып өрттиң жалыны,
Тамырыңды шаўып, егип салыны,
Қорықларда нәллериңниң қалыңы,
Сийреклесип, ғәрип болдың торaңғыл.

Жарасығы болып үлкеме мениң,
Қус пенен малына әжеп жай едиң,
Кимлерге жақпады минезиң сениң,
Жетимсиреп, жекке қалдың торaңғыл.

«Беккем» деген хошаметке мәсирип,
Бүгин турсаң тәғдириңе бас урып,
Аралдың изинен сен де асығып,
Бул дүньядан кетесең бе торaңғыл?

Билмедим, неликтен гүнаға қалдың,
Қуўрадың, шабылдың, өртлерде жандың,
Исен сен: - мийирман, қайырқом халқым,-
Ҳалыңа бир нәзер салар торaңғыл!





www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚӘЛБИМЕ ЖОЛ САЛАРМЫСАҢ?
*(Ертедеги қойын дәптерден)*

Гүл ашылған нур жамалың,
Жүрегиме салып жалын,
Мени етип бийқарарың,
Жанды отқа жағармысаң?

Терип бағдан гүл дәстесин,
Тәриплеп қәлбим қәстесин,
Айтсам дәртимниң ўаспысын,
Нәзериңди салармысаң?

Көрмедим сендей қыз Сәнемин,
Әжеп дүнья,- ҳәр қәдемиң,
Мендей ғәриптиң сәлемин,
Берсем әлик алармысаң?

Қәдди-қәўметли тотысаң,
Кеўилиңе кеўил қоссам,
Тәжим етип, қолды созсам,
Бирге бағқа барармысаң?

Жүзиң шашып сәҳәр сағым,
Ашып қушақ, – жәннет бағын,
Жүрегимниң кәсте дағын,
Алып таза қылармысаң?

Қарамықтай күлген көзиң,
Жанға ләззет берер сөзиң,
Аҳыў-зарым тыңлап өзиң,
Дәртке даўа табармысаң?

Ашып қәлбимниң сарайын,
Жанымды қурбан қылайын,
Аяғыңа бас урайын,
Бизге мийман болармысаң?

Йош булағы қосық-саздың,
Қыз устасы жилўа-наздың,
Кеўли ғамлы Үббинияздың,
Қәлбине жол салармысаң?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АСПАНДА АЙ НУРЫН ТӨГИП БАРАТЫР

Көшени сейиллеп шыққанда түнде,
Жойбар ойлап болар иске ертеңге,
Дарақтың жапырағы гил гүмис теңге,
Бағларға ай нурын төгип баратыр,
Аспанда ол әсте жүзип баратыр,
Шырайы толысып, күлип баратыр.

Кәрўан сарайларда мереке қызар,
Кимдур барар сүйгенине интизар,
Көктен жерге ағып түскен жулдызлар,
Өмирин мәңгиге үзип баратыр,
Ай көкте бийпәрўа жүзип баратыр,
Салқын нурын жерге төгип баратыр.

Түнге қарай өмир басланар жаңа,
Перзент көрмек болып толғатса ана,
Көз жарып туўылар ингәлап бала,
Дүнья өз жолына жүрип баратыр,
Ай болса қуўанып күлип баратыр,
Алтын нурын жерге төгип баратыр.

Усылайынша өз өмирин жаңалап,
Ай-қуяшты, қуяш-айды қуўалап,
Дүнья және гөззал болып баражақ,
Бөбек оған мийман болып киятыр,
Алтын ай аспанда жүзип баратыр,
Сақый нурын жерге төгип баратыр.

Демек анық, - дүнья, қуяш, ай, - мәңги,
Бир қудирет басқарады жәҳәнди,
Өмирге шад болып келген инсанды,
Зарына қарамай алып баратыр,
Көктеги ай әсте батып баратыр,
Жерге қызыл нурын шашып баратыр...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕДУР

Алғыр баздай қанатыңды қақпасаң,
Ашықлық отына жанды жақпасаң,
Ышқың булқып, дәрья киби таспасаң,
Сәнем недур, жанан недур, яр недур.

Жаўан қыя бақса, қәлбиң сезбесе,
Қыялың муҳаббат бағын гезбесе,
Жаның дәртте қалып, тәннен безбесе,
Илҳам недур, жилўа недур, наз недур.

Мәўсиминде ғумша жапырақ ашпаса,
Әлемди жайнатып дүрлер шашпаса,
Көз түскенде ғамлы кеўил таспаса,
Қуўрай недур, қәлўен недур, гүл недур.

Қанаты болмаса пәрўаз етпеге,
Гүзде кетип, бәҳәр қайтып жетпеге,
Пәнже, пәр жоқ, суўда жүзип кетпеге,
Аққуў недур, үйрек недур, ғаз недур.

Бул дүньяда заўқы-сапа сүрмесең,
Елиңде салтанат қурып жүрмесең,
Мерекеде ҳүрмет-иззет көрмесең,
Дәўран недур, заман недур, күн недур.

Тер төгип, халқыңа хызмет етпесең,
Тилде қалар саўап ислеп кетпесең,
Ата-анаңның кеўилине жетпесең,
Перзент недур, парыз недур, мәрт недур.

Дәўлет бастан тайып, болғанда ғәрип,
Жүрегиңе түскен қәсте улғайып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәртиң сорамаса, кеўлиңди алып,
Туўған недур, яран недур, дос недур.

Көзиң көрген менен зейин илмесе,
Қулаққа сөз айтса, сести кирмесе,
Тилиң ар-намысты қорғап билмесе,
Соқыр недур, гереӊ недур, гүң недур.

Әдетке айланса ҳийле еткениң,
Билмесеӊ пейлиңниң терис кеткенин,
Напәк истен қызармаса бетлериң,
Ҳүждан недур, намыс недур, ар недур.

Елге аяқ басқан жаўды жеңбесе,
Бәйги түсип байрақ алып келмесе,
Халқының арына жанын бермесе,
Жигит недур, уғлан недур, лаш недур.

Қанша дүнья жыйсаң тоймаса көзиң,
Жәҳәнди жутардай сениң бир өзиң,
Нәпсиңе қул болса ақыл-ес, сөзиң,
Инсап недур, ийман недур, ҳақ недур.

Жүрегиң сезбесе инсан қәдирин,
Шексе сениң зорлық пенен жәбириң,
Жети ықлымға жетседағы ҳәмириң,
Ўатан недур, халық недур, ел недур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЛАЙДЫҢ

Баслық күлсе бул да турар сүйинип,
Ашыўланса, - отқа түсер куйинип,
Не буйырса арқаланып, түйинип,
Алқымында турар -жаны малайдың.

Иси түскенлерге қабағын үйип,
Ийт көрген пышықтай жүни үрпейип,
Терис айланып, сәлем алмас жыртыйып,
Мүсәпирди көрсе - жини малайдың.

Жоқты - бар, қараны - ақ, кесекти - таў деп,
Гүң менен соқырды,- дени сап-саў деп,
Дурысын айтқанды, - атайы жаў деп,
Елге бүлгин салар - тили малайдың.

Ушары самалдан, қонары сайдан,
Шырпы яңлы, жанып-өшер бир майдан,
Тилеги, - сарқытты алса нобайдан,
Майда қара бақыр - қуны малайдың.

Баслықты мақтаўға теңеў табалмай,
Сөзи жақпас ызғырықлы самалдай,
Ол босаса,- басқа ҳәмел алалмай,
Келеси баслықта - көзи малайдың.

Үббинияз айтар, болмағай әдет,
Жәдигөй, жағымпаз,- иллет бий әдеп,
Ҳадал мийнетиңнен излегил мәдет,
Армағаннан болсын - жолы малайдың.



## ЖУЛДЫЗЛАР

Не деген әжайып ақшамғы аспан,
Кең әлемде тығылысып, сығасқан,
Сүмбил* гүмбезинен гәўҳарлар шашқан,
Күлим қағып, жымыңласар жулдызлар.

Биреўлери жақын көринер бизге,
Зорға илинеди биразы көзге,
Алыслардан зия* нурларын жүзге,
Қалыс инам етип, шашар жулдызлар.

Аспанға шашылған тарыдай мысал,
Шақырып турғандай тәбәссүм* гөззал,
Суңқардай пәрўазлап ушса да қыял,
Жеткизбестен жырақ қалар жулдызлар.

Биреўи бир жайда, басқасы жүзип,
Ҳасла тыным таппас, әлемди гезип,
Кимиси гирянсыз* өмирин үзип,
Көктен жерге сарқып ағар жулдызлар.

Үлкени кишиниң жолына қызбай,
Өзине арналған шеңберин бузбай,
Мудам ийбе сақлар, узатар қыздай,
Адамзатқа үлги, сабақ жулдызлар...

---

*) Сүмбил – жағымталлы, көз тартатуғын қара рең.
*) Зия – сәўле, нурлы сәўле.
*) Тәбәссүм – мыйық тартып, жымыйып күлип.
*) Гирян – көз жасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛМАСА

Адам бул дуньяның ең гөззал гүли,
Әрманы – шадлықта өтсе ҳәр күни,
Сазсыз сазендениң сақаўдур тили,
Өмири пуш, бүлбил киби болмаса.

Ғош жигит айрылса сүйген ярынан,
Дуўтар киби жуда болған тарынан,
Жапа шегер жалғызлықтың зарынан,
Арбасын мешеўлер қостар болмаса.

Ер жигитте ат басындай сом жүрек,
Өмиринше елге қорған ҳәм тирек,
Намәрттиң байлығы турса да тиреп,
Журтқа қайыр бермес, азар болмаса.

Берекет қашқанда соналы көлден,
Суўсызлықтан дақыл өлер көгерген,
Халық көшер, безип туўылған жерден,
Дәрья салма шелсиз, суўы болмаса.

Үббинияз кеўлиңде ғам, қәлбиңде қәсте,
Талпынарсаң қустай түскен қәпеске,
Бағдан күнде байласаң да гүлдәсте,
Шөпшек болар қонар бүлбил болмаса.





www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШАЙЫРСАҢ

*(Шайыр Ибрайым аға Юсупов пенен хошласыў)*

Қолға алып, уста баба сүргисин,
Гөзаллыққа безеп сөздиң түр-түсин,
Шайырлық өнердиң гәўҳар үлгисин,
Жаңалап, жаңғыртып ашқан шайырсаң.

«Мың-мың кеўиллерге нур берип» жарық,
Ышқы жалынына илҳамды жағып,
Ушқыр қыялларың дәрьядай ағып,
Мәңги өшпес ат қалдырған шайырсаң.

Қурал етип ҳасыл сөздиң семсерин,
Туўған елдиң ары ушын сермедиң,
Шайыр сәрдарлығын қолдан бермедиң,
Даңқыңды дүньяға жайған шайырсаң.

Ҳақтан илҳам алып, ҳәўиж алып ғайрат,
Бәршеден бөлентлеп шайырлық айбат,
Саҳрайы халқыңа бүлбилдей сайрап,
Ҳаўазың жәҳәнге шашқан шайырсаң.

Жаслықтан үйренип қосық сырларын,
Тәриплеп журтыңның ойы-қырларын,
Өмир бойы ел әрманын жырладың,
Халқыңа қәлбиңди берген шайырсаң.

Сөзден маржан терип, өсирдиң гүллер,
Намасынан естен кетип бүлбиллер,
Йошлы жүрегиңнен шашылып дүрлер,
Елдиң мақтанышы болған шайырсаң.

Елиң қуўанғанда ҳалласлап жүрек,
Ашшысына шыдап, аўырын сүйреп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алыстағы әўладлар бахытын тилеп,
Халқым деп жаныңды жаққан шайырсаң.

Тулға перзентисең уллы Туранның,
Халқыңнан күш ғайрат, жолға-нур алдың,
Сөзин жазып Гимн атлы уранның,
Елиңе саўғаға тартқан шайырсаң.

Жазған қосығыңның алтыннан пуўы,
Сөзлери даналық, илхамнан суўы,
Қарақалпақ халқының бир бәлент туўы,
Мәнгиге ядында қалған шайырсаң.

Үббинияздың сени көргени дәўлет,
Өмиринше сабақ, - Сиз қурған сәўбет,
Сениң әрманыңа жетисип нәўбет,
Руўхың шад болып кеткен шайырсаң.





www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАХТАКӨПИРИМ

Айдостың қаласы, Барақтың тамы,
Шәртектиң тақыры, Қараойдың бағы,
Ханның сарайындай Маўдың қорғаны,
Көрмегенге әрман Тахтакөпирим.

Байыстың орнында Қуўанышжарма,
Қаратерең толқып өрмелер жарға,
Бозғулдың даласы - мол жайлаў малға,
Қушағы кең елат Тахтакөпирим.

Батысың Көкдәрья, жазық Гүнжили,
Шығысыңда аты шыққан Кендирли,
Дәўқара, Мүлк ҳәм Мақпалкөлимди,
Қутлы мәкан еткен Тахтакөпирим.

Арқаңда Жүйрикбас, Бөршитаў бийик,
Қойнаўында секирип ойнаған кийик,
Дийқанларың гүзде қырманын үйип,
Даңқын көкке жайған Тахтакөпирим.

Баўырың көкдақыл,- өнимдар жерлер,
Қутлы мәкандурсаң, абадан еллер,
Мийнет есесине тергени зерлер,
Несийбеси болық Тахтакөпирим.

Мениң тирегимсең, сүйенер таўым,
Дүньяға келтирген алтын отаўым,
Жаздырмастан атқан қәдем тастаўым,
Келешекке өрле Тахтакөпирим!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕЛЕДИ

Қарлар жаўар таў басында қарларға,
Кәрўан ерер көш баслаған нарларға,
Ҳәр журтласым қәлбиндеги тарларға,
Шадлы нама болып енгим келеди.

Дүньяда бар әжайып күн кешкен еллер,
Қысы жоқ, бәрҳа жаз, әл-жасыл жерлер,
Жолымда жатса да шашылып зерлер,
Елиме тез қайтып кетким келеди.

Көпдур әпсанаўий әжайып жайлар,
Нағысқа безелген зәўлим сарайлар,
Болсадағы көрки көзди тойдырар,
Өз елимде еркин жүргим келеди.

Көкпенен таласқан қалың орманлар,
Талай дәўирлерди көрген қорғанлар,
Бәршесин аралап, келсе дәўранлар,
Туўған елде бинят етким келеди.

Аралым пүткиллей қурып қалса да,
Ултаны шөлистан, қумлық болса да,
Суўсыз Әмиў және көп дәрт салса да,
Туўған жерде мәңги қалғым келеди.

Үббинияз, халқыма берип қолымды,
Хызмет қылмақ ушын буўып белимди,
Пидә етип гүллентиўге елимди,
Жанымды садақа етким келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАЎСЫЛМАС

Беккем болса халықтың аўызбирлиги,
Елге хызмет етсе ерлер ҳәр күни,
Мақул екен басшылардың ҳәр бири,
Халықтың несийбеси, наны таўсылмас.

Ҳәмме басшы болса әдил ҳәм кәмил,
Сақый қолын жума бермейди Памир,
Суўсаған журтыма көрсетпей жәбир,
Аққан дәрья ағар, суўы сарқылмас.

Дәрьямыз тартылып, теңиз ҳайрана,
Тәбият азапта – қәлби ўайрана,
Өрдиң пейлин берсе, толмас паймана,
Инсап, ийман болса, Әмиў тартылмас.

Үббинияз, дер, жасар екен диянат,
Бир-биреўге исленбесе қыянат,
Бул үлкеге ығбал қусы уялап,
Ҳәммеге суў жетер, бийнесип қалмас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДАБЫЛ ҚАҒЫП ТУР

*(Ертедеги қойын дəптерден.)*

Яранлар, бир жанан жамалы айдай,
Ғайыптан гезлесип ақлым алып тур,
Ышқымды оятып еркиме қоймай,
Мүсəпир басыма саўда салып тур.

Сөнген сезимлердиң кəдди бүгилген,
Кеўил сарайымды қыйрап бүлинген,
Тийеги желинип, тары үзилген,
Дуўтарымды сазлап, нама шалып тур.

Ашықлық ғаўғасы түсип басыма,
Күлки шашқан жүзи, оқ-жай қасына,
Қарамықтай көзи, сүмбил шашына,
Ықласым жетеклеп, ҳəўес аўып тур.

Кем-кем бөлентлесип əрман—минарым,
Дийдарын көрмесем қурып димарым,
Ашықлық отынан қайнап қумарым,
Үмитим дəрьясы бурқып ағып тур.

Жүрегим шырмалып ышқы торына,
Гүлшанның шəменин алып қолыма,
Кеше-күндиз айдай қарап жолына,
Сағыныш шаршатып, көзим талып тур.

Жүзи кеўилиме нурын септкенин,
Жилўасы қəлбиме барып жеткенин,
Назлары жандырып, өртеп кеткенин,
Билдирип, жүрегим дабыл қағып тур...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЕРДИ СЫЗДЫРАР

Сыртыңнан тоқылған дөҳмет ҳәм өсек,
Жүректи жаралап жанды аздырар,
Иске басшы болса ақылсыз, гөдек,
Ийне - тебен менен қудық қаздырар.

Айтылған:- «Жақсыдан болар шарапат,
Жаман журген жерге келер кәсапат,»
Ҳәр исте болмаса ақыл-парасат,
Тыныш кеўиллерди дағда қалдырар.

Өмиринше бедеў атқа минбеген,
Беглик салтанатын қурып көрмеген,
Тас пенен гәўҳардың парқын билмеген,
Тулпарға мингизсең белин талдырар.

Кеўил торсығына орнаса сумлық,
Шайтан ҳәмирине еткизер қуллық,
Кимде болса мәккарлық ҳәм зулымлық,
Ақыретке арты менен барғызар.

Болымсыз ул болса, ақылды алмай,
Билимге, мийнетке ықласын салмай,
Ата анасына минлети бардай,
Жүрекке арылмас дәртти салдырар.

Үббинияз айтар, топланар шериң,
Наданнан дарғасы болса кемениң,
Жүрегиң ҳаўлығып, тарылып демиң,
Ақыл ҳайран болып, жерди сыздырар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДИЙДАР КӨРИСИЎ

*Алмабек Нурушевтың 70 жыллық тойына құтлықлаў*

Алыстан келдим Сизге сәлем алып,
Әзийз аға Алмабек Нуруш улы!
Жетписти аттай етип минип алып,
Қуўандым көрип жастай турысыңды.

Қарақалпақтан көп сәлем алып келдим,
Аспанда талай бултты жарып келдим,
Өзиңде пайғамбардың келбети бар,
Шырайыңды сағынып, талып келдим!

Ер жигит бул дүньяға бир келеди,
Шад болып жасағанға не жетеди,
Жетпистиң асқарында турсаңыз да,
Талай қыз Сизден еле дәметеди.

Қатардан артық туўып, зийрек болып,
Жаслықтан жас денеге ақыл толып,
Питирдиңиз қазақтың талай исин,
Бүгинде тынбай жүрсиз әлем шолып.

«Арал» деп, кең дүньяға дабыл салдың,
Бул дәрттиң аўырлығын байқай алдың,
Қыйыр-шыйыр мәселе туўған гезде,
Шешим таўып, төреликти қолға алдың.

Алеке, қутлы болсын жетпис жасың,
Көрип турман, көп екен дос, жолдасың,
Бәри де жақсы тилек тилеп атыр,
Шамасы, басасыз-аў жүздиң тасын.

Ел айтады – «Жақсы тилек-ярым ырыс»,
Болсын сизде еле узақ шадлы турмыс,
Қосыла, бахыт пенен дәўлет тилеп,
Жаныңызда иниң болып биз де турмыз.

Той дегенди еситип келдим аға,
Ең жақсы тилек айтып бәнт басарға,
Туўысқан халықпыз ғой жарасар деп,
Қаракеңниң қара тонын тарттым саўға!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАҢНЫҢ АТҚАНЫН ҚАРА

Туўылған жериңе кеўлиңди берсең,
Сәҳәр турып таңның атқанын қара,
Ертеңги күниңнен үмит тилесең,
Қуяштың қызарып батқанын қара.

Өмир қызығына қыял жиберсең,
Ығбал даласының лаласын терсең,
Тәбият көркинен ләззет излесең,
Гүл ашылып урқан атқанын қара.

Қыялды бәнт етип муҳаббат бағы,
Жүректи жаралап ашықлық дағы,
Жаның бийҳуўш етсе жупқа додағы,
Сүйгениңниң назлы баққанын қара.

Көрмек болсаң ығбал-бахыт жүргенин,
Тәғдирдиң басыңа дәўлет бергенин,
Шаңарыққа изги әўлад келгенин,
Балаң жүрип, қәдем атқанын қара.

Елиңниң-халқыңның күнине жарап,
Мол қырман дөретип, көгертсең дарақ,
Мийри қансын десең жемисин санап,
Бағыңның гүл-мийўа таққанын қара.

Егер, өмир сүрсең журт билен ҳәмдам,
Хызметинде болсаң тақ турып мудам,
Сый-ҳүрмет шекпени жабылса саған,
Елиң инам еткен бахыт деп қара.

Туўылған жериңе кеўлиңди берсең,
Ерте турып таңның атқанын қара,
Тәбияттан илҳам аламан десең,
Қуяш зер нурларын шашқанын қара.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖҮРЕГИМДИ ЖАРАЛАҒАН...

Жаңа қосық басламаға,
Ойландым мен бир қаншама,
Бурын өткен шайырлардан,
Нәрсе барма жазылмаған.

Не жазсам деп, ярыў-достан,
Сорамаға уяламан...,
Ой жиберип бир қарасам,
Бала барма жыламаған.

Барлық бөбек ингалайды,
Әўилдейди ҳәм жылайды,
Бир болса да тәрбиясы,
Минезлери усамаған.

Тап сондай-ақ қосық, деген,
Темасы бир болған менен,
Жазған шайыр болса шешен,
Ой-пикирди жаңалаған.

Жаңа заман - жаңа дүнья,
Ҳәр заманда – ҳәр идея,
Ҳақыйқатлық – шөп мәргия,
Талайларға жоламаған.

Таза пикир, үйлес, уйқас,
Сөзлер өткир, – мысал алмас,
Бундай қосық – елге мийрас,
Шар тәрепти аралаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосық болса мәниси пәс,
Сөзлер туқыл, мазмун нәкас*,
Шығындыдай қалған патас,
Ҳешким оқып қарамаған.

Жанға жыллы, дәртке даўа,
Кеўлиң жибир-болсаң қапа,
Жақсы қосық-жанға жапа,
Жүрегимди жаралаған.

Үббинияз: – елге хызмет,
Инсан ушын үлкен ҳүрмет,
Қосық жазыў – аўыр мийнет,-
Айтып сөзин тамамлаған.

* Нәкас – оңлы емес, кемиси бар мәнисинде



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕТИПСЕҢ

Тәғдир, мен кәрўанға қосқан арбаны,
Арысын аўдарып, қағып кетипсең,
Дүньяда бар дәртлер толы дорбаны,
Бизиң мойнымызға тағып кетипсең.

Жүрегиме салып жазылмас жара,
Азабы жан қыйнар, баўырым пара,
Даўасына таппай ҳеш илаж-шара,
Мүсәпир ҳалына салып кетипсең.

Ой-пикир, нәзерим шарлап тум-тусты,
Өмир аңлатқанда ҳаўада қусты,
Бағынан айырып биздей байғусты,
Торы жоқ қәпеске қамап кетипсең.

Қүдиретиң кәрамат, таўларды жығар,
Ойпатты көл етип, шөлди лалазар,
Биз байғусты неден еттиң гүнакар,
Ғәриптиң ҳалына салып кетипсең.

Бийғанадан болмас ул-қызға пана,
Периштедей ақлықларға пәрмана,
Ести албыратып, салып ҳайрана,
Бизге көп машақат таңып кетипсең.

Жүзге әжим түссе, шашларға қыраў,
Жүректе ҳәсирет - кеўлиңе қылаў,
Қыйсыны келмеген қурақты қураў,
Азабын мойынға қыйып кетипсең.

Бултлар көшер жулдыз, айды жасырып,
Қуяш шығар қара бултты қашырып,
Арбадағы жүкти арқалап тасынып,
Мәнзилге жетиўди ҳүким етипсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайраўдағы ғаздай нәзерим көкте,
Тусымнан нешше мың арба өтпекте,
Биздей мүсәпирди қалдырып дәртке,
Гириптар қазығын қағып кетипсең.

Кимлерге ойындур, кимлерге дәлкек,
Аўырын арқалап, ашшысын көрмек,
Өмир мәнзилине ҳәсиретте жетпек,
Бизге үлес етип берип кетипсең.

Өмир әпсанадур естен кетпестей,
Қуўаныш қапалықтан өтпес бетлеспей,
Мениң жүрегиме қолым жетпестей,
Үмиттиң жалынын жағып кетипсең.

Нәйлейин, жазыўың болса усындай,
Жубын жойтқан суўсыз көлдиң қусындай,
Әрманы, - уясы қалса бузылмай,
Пәрмана ҳалына салып кетипсең.

Үббинияз айтар, болмағыл ҳәси,
Ҳақ нийеттиң ийман болар жолдасы,
Шайпалмасын инсан ығбал-уясы,
Хатта қалдырыўды сызып кетипсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕН БИЗНЕСМЕН

***Пародия***

*Толыбай аға Қабуловтың «Мен дийқанман» қосығының ҳәзирги заман дусмал варианты*

Мен бизнесмен! Саўдагердиң улыман,
Ата-тегим базар қуўған бурыннан,
Арзан алып, қымбатына саўдалап,
Ҳәр күн сайын пулдан қырман суўырған.

Мен бизнесмен! Жаңа заман елдеги,
Жанымды жеп, тынышымды бермеди,
Иран, Қытай, Кореядан зат тасып,
«Ўақыт барда саўда қылып қал» деди.

Зат тасыдым, жумсап тәсил, ҳәмелди,
Қандай ҳәзлик бизнес етиў бул елде!
Базарларды қаплаған көп қарыйдар,
Мени саўда шыңларына көтерди.

Мен бизнесмен! Саўда маған жанажан,
Мени излесең шар базардан табасаң,
Бай саўдагер болғанымды дәлиллеп,
Түркияда базар қурдым жаңадан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕНИҢ МЕНЕН

Шыққан киби бәлент тауға,
Маған болдың әжеп сауға,
Қәлбим қәсте, дәртке дауа,
Шийрин-шекер сөзиң менен.

Ишимде бир дәрт оянды,
Ышқы оты лаўлап жанды,
Жүрегиме қармақ салды,
Күлимлеген көзиң менен.

Ҳижран түсип, шексем жапа,
Азарынан қалсам дағда,
Шады-қуррам, заўқы-сапа,
Сүрсем бирге сениң менен.

Бирьян қәлбим жанды қыйнап,
Сениң ушын гүллер жыйнап,
Бар әрманым, - күлип-ойнап,
Кеўил қоссам өзиң менен.

Тәғдир күлип, жүрсе әўмет,
Ялғаншыда болар жәннет,
Қурып бирге шийрин сәўбет,
Сейил қылсам, сениң менен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**ҚАРАҚАЛПАҚТЫҢ**

*(Республикамыздан ғайры еллерге көшип кеткен яки узақ ўақытлар шетте жумыс ислеп қалған ауылласларымыздың сөзлеринен үзинди)*

Достым, мениң кеўилимди хошласаң,
Хабарын берсеңо қарақалпақтың,
Жүрегиме жағар гәпти басласаң,
Тәрипин айтсаңо Қарақалпақтың.

Арғы-берги шети мың-мың шақырым,
Қушағына алған ойпат-тақырын,
Қарасаң көз тартып алар ақылың,
Жерлерин айтсаңо Қарақалпақтың.

Сүўретлеўге сөз жетпейди зияда,
Нешше мың қус өсип-өнер уяда,
Балығы ҳасылды, - теңсиз дүньяда,
Көллерин айтсаңо Қарақалпақтың.

Ерте бәҳәр келип, гүзинде қайтар,
Ғазлары ғаңқылдап, нама қайтарар,
Аққуўдың ойыны өмир узайтар,
Қусларын айтсаңо Қарақалпақтың.

Алыстан теңиздей толқыса сағым,
Сексеўил еслетер Шаҳсәнем бағын,
Туўалақ, булдырық, бөкен,жейранын,-
Шөллерин айтсаңо Қарақалпақтың.

Наўрызда узатар қыздай кийинген,
Жазда араласаң, - жаның сүйинген,
Миййўасы пал киби тилди үйирген,
Бағларын айтсаңо Қарақалпақтың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүзинде бәркулла периште нышан,
Қаратерге түсер басқыға қалған,
Не шаўқымды басып өтер ўа ҳа-ҳаң,
Күлкисин айтсаңо Қарақалпақтың.

Қобыздың ҳаўазы, - азығы жанның,
Тарийхын тәриплеп небир заманның,
Дуўтар гүмбирлиси-йошы адамның,
Сазларын айтсаңо Қарақалпақтың.

Жилўасы жан алып естен кетирер,
Көзлери шақмақтай тасты еритер,
Сулыўлықты бир-биринен өтирер,
Қызларын айтсаңо Қарақалпақтың.

Төрин берип ҳүрмет етер үлкенди,
Қушақ ашып мийман етер келгенди,
Ақ кеўилли, әдеп-икрам, көргенли,
Беглерин айтсаңо Қарақалпақтың.

Ой-пикир, зейини заманнан озған,
Елге пана болып ағалық қылған,
Намыс ушын еткен өмирин қурбан,
Мәртлерин айтсаңо Қарақалпақтың.

Қанаты суңқардай тулпар тарланы,
Беллеспеге түссе батыр, палўаны,
Мудамы бас байрақ жеңип алғаны,
Айбатын айтсаңо Қарақалпақтың.

Шөллерде сайраған саҳра бүлбили,
Ҳасыл сөз патшасы, қосықтың пири,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанның ләззетидур, сөйлеген тили,
Шайырын айтсаңо Қарақалпақтың.

Қәўмети жарасқан аўыл-қаласы,
Дақылы ырғалған пайтақ даласы,
Әмиўдәрья ығбалының сағасы,
Еллерин айтсаңо Қарақалпақтың!





www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛДЫМА

Яранлар бул дүнья, ялғаншы пәни,
Айтыңлар, биреўге паян болдыма?
Тәғдир деп аталған өмир гүзары,
Кимгедур алдыннан аян болдыма?

Кимлер ғам-қайғысыз дәўран сүрмеге,
Елден-журттан бәлент болып жүрмеге,
Қанша талпынса да жәннет көрмеге,
Келешек тәғдири баян болдыма?

Ана ақ сүт берип, ата шаш сыйпап,
Кәмалға келгенде күш-қуўат жыйнап,
Хызметине тақ турып, жан-тәңди қыйнап,
Кеўлин хошламаса –уғлан болдыма?

Қуры, бос өмириң – мийўасыз дарақ,
Қараўсыз бағ киби – бағманы салақ,
Жанды жаққан менен атыңды сабап,
Исиң келиспесе талап болдыма?

Ислеген ислериң қайық изиндей,
Дәрҳал ийрим жутса көзге көринбей,
Жалғыз өмир сүрсең журтқа билинбей,
Кейниңде ат қалар нышан болдыма?

Ар-намыстан безип, инсапты жутып,
Көргенге пәнт берип, ҳийледен утып,
Мийнетсиз мал жыйнап, дүньяны тутып,
Иксансыз өткенге гирьян болдыма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үббинияз айтар, елге ер қәдир,
Өзиңди сыйласа, болма тәкаббир,
Мөминге көрсетип қысыўмет-жәбир,
Көзге илмегенлер инсан болдыма?

Иксан – садақа,
Гирьян- қыйналып, жылаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕРЕКТИ

Адамның минези өрилген шаштай,
Мың қыйлы талшықтан турса керекти,
Болмаса өреси беккем полаттай,
Қылығы қыңырлы болса керекти.

Тәрбиясы насаз болған жигитке,
Соңыра жуғыў қыйын қандай үгит те,
Әзәзүл, сатқыннан жақсылық күтпе,
Ғапылда арқаңнан атса керекти.

Кимниңдур дийдиги көп дүнья жыйнаў,
Қарны жарылса да нәпсисин тыймаў,
Биреўге пәнт берип, биреўди қыйнаў,
Әзелден қанында болса керекти.

Пулдың пуўы арқаларын қоздырып,
Гейбиреўлер кетти «исти қыздырып»,
Дүнья малын бир-биринен оздырып,
Карун байдың жолын қуўса керекти.

Ҳәр бир атқан таңның батыўы да бар,
Жақсыға дүнья кең, инсапсызға тар,
Кеўли кең барына қәнәәт қылар,
Пейли тар өзинен тапса керекти.

Жақсылар ҳәммеден  жақсылық күтер,
Кеўлинде гүл өсер, тек үмит етер,
Өсекшиниң тили апат  келтирер,
Таңлайында зәҳәр турса керекти.

Мүсәпирдиң пайын тәкаббыр алса,
Инсап умыт болып, ашкөзлик қалса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийрим-шәпәәтти естен шығарса,
Инсан ийманынан қашса керекти.

Еркинликтен өзгерди елдиң турмысы,
Пәт алмақта базардың кең қурылысы,
Ҳәзиргиниң Бердақ, Мақтымқулысы,
Ада болмас илҳам алса керекти.

Елге келип, еркин жасар кең заман,
Қәлеўинше мийнет етип ҳәр адам,
Илим-билим, күш-ғайратын жумсаған,
Өмирден өз орнын тапса керекти.

Үббинияз, айтайын зинҳарлап саған,
Қол урма намақул иске ҳеш қашан,
Сеннен урпағыңа қалажақ нышан,
Нәсият сөзлериң болса керекти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

ЎАТАН ТОПЫРАҒЫ....3
КӨРИНЕР....5
ӘКЕМНИҢ....8
МУХАББАТ....9
ҚОСЫҒЫМ....12
БОЛАЛМАССАҢ....13
ӘЗӘЗУЛДЕН АЎЛАҚ БОЛ, ЖАҚЫНЛАС ПА....16
АНАМНЫҢ....17
МЕГЗЕР....19
ЎАТАНЛАСЛАРЫМ....22
СОРАЎЛАР....24
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН....26
БАҒДЫҢ ИШИНДЕ....27
ЕЛИМДИ ҚУЎАНТЫП, БАХЫТ АЛЫП КЕЛ!....29
АВАРАГУ....30
НЕСЕҢ СЕН?....31
НЕСЕҢ СЕН?....32
АРАЛҒА АРНАЛҒАН ТОЛҒАЎ....33
ҚОСЫМША ТҮСИНИКЛЕР:....36
БОЛДЫМА....37
ЖЫРАЎ ДОСТЫМ ҚОБЫЗЫҢДЫ ҚОЛҒА АЛ!....39
АҚЛЫҚ КҮЛКИСИ....40
САҒАН ЖАСЫ ҮЛКЕНЛИК ДӘЎРАН КЕЛИПТИ....41
НӘМӘРТТИҢ ЕРМЕ КЕЙНИНЕ....44
ТУЎЫЛҒАН КҮНИ....45
АССАЛАМ ЖАНА ЖАН ТУЎЫЛҒАН ЕЛИМ!....47
СЕНИҢ....48
ҚАРАТЕРЕҢ ТОЛҚЫНЛАРЫ....50
ДҮНЬЯСАҢ....52
ТОРАҢҒЫЛ....54
ҚӘЛБИМЕ ЖОЛ САЛАРМЫСАҢ?....56
АСПАНДА АЙ НУРЫН ТӨГИП БАРАТЫР....57
НЕДУР....58



www.ziyouz.com kutubxonasi

МАЛАЙДЫҢ........60
ЖУЛДЫЗЛАР........61
БОЛМАСА........62
ШАЙЫРСАҢ........63
ТАХТАКӨПИРИМ........65
КЕЛЕДИ........[illegible]
ТАЎСЫЛМАС........67
ДАБЫЛ ҚАҒЫП ТУР........[illegible]
ЖЕРДИ СЫЗДЫРАР........69
ДИЙДАР КӨРИСИЎ........70
ТАҢНЫҢ АТҚАНЫН ҚАРА........71
ЖҮРЕГИМДИ ЖАРАЛАҒАН........72
КЕТИПСЕҢ........74
МЕН БИЗНЕСМЕН (*Пародия*)........76
СЕНИҢ МЕНЕН........[illegible]
ҚАРАҚАЛПАҚТЫҢ........[illegible]
БОЛДЫМА........[illegible]
КЕРЕКТИ........83



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АВТОР ХАҚҚЫНДА БИРЕР СӨЗ

**Үббинияз Әширбеков** 1944-жылы Тахтакөпир районында туўылған.

1969-жылы Ташкент аўыл хожалығын ирригациялаў ҳәм механизацияластырыў инженерлери институтын питкергеннен кейин, ол өзиниң мийнет жолын Тахтакөпир көшпели механизацияласқан колоннасында аға инженер лаўазымында ислеўден баслап, ПТО баслығы, №51 көшпели механизацияласқан колоннасының бас инженери, баслығы, Өзбекстан Республикасы Аўыл қурылысы министриниң орынбасары, «Әмиўдәрья» суў хожалығы басқармасының баслығы ҳәм тағы басқа бир қанша жуўапкерли хызметлерде болған. Ол Тахтакөпир районының хәкими лаўазымында ислеп, 1992-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баслығы лаўазымына сайланды. Ол өзиниң бос ўақытларында жүрек төринен шыққан сезимлерин қосық қатарларында баянлап, оқыўшылар кәлбинен орын алатуғын дөретпелери менен де танылып келмекте.

Хәзирги күнде Халық аралық Аралды қутқарыў қорының Нөкис филиалы директоры болып ислеп атыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҮББИНИЯЗ ӘШИРБЕКОВ

# ЎАТАН ТОПЫРАҒЫ

*Қарақалпақ тилинде*
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис—2010*

Бас редактор *Рашид Аббазов*
Редакторы *Гүлистан Пирназарова*
Художниги *Азамат Жаримбетов*

Териўге берилген ўақты 09.12.2010. Басыўға руқсат етилген ўақты 15.12.2010. Қағаз форматы 84x108 $^1/_{32}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы—«Times». Көлеми 2,75+0,5 вкл. б/т, 4,62+0,42 вкл. шәртли б/т, 2,5+0,5 вкл. есап б/т. Жәми 2000 нусқада.

Бахасы шәртнама бойынша. Буйыртпа № 415.

«Қарақалпақстан» баспасы: 742000,
Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9

Ташкент қаласы. ДП «NİSO POLİGRAF»
типографиясында басылды

www.ziyouz.com kutubxonasi